

Kote ou ka jwenn enfòmasyon sou sante ki pa twò lwen lakay ou:





Moun ki responsab konsepsyon desen yo: Salvador Sáenz/ Asistan: Uriel E. Sáenz.


Remèsiman: Nou remèsye Asosyasyon Travayè Agrikòl ki nan Florid (Farmworker Association of Florida) paske yo te ede nou revize piblikasyon sa a.

Resous Sante ak Sèvis Administratif (Health Resources and Services Administration (HRSA)) ki fè pati de Depatman Sante Etazini ak Sèvis Imen (U.S. Department of Health and Human Services (HHS)) finanse piblikasyon sa. Kòb òganizasyon an jwenn nan soti nan yon fon ki genyen 450,000 dola ak 0% finansman kòb ki pa federal. Li se yon akò koperativ U30CS274 ki rele Fòmasyon Nasyonal ak Asistans Teknik (National Training and Technical Assistance Cooperative Agreement). Enfòmasyon oswa kontni ak konklizyon ki genyen nan piblikasyon sa se opinyon otè a epi moun pa dwe pran yo pou pozisyon ofisyèl oswa andòsman HRSA, HHS, oswa Gouvènman Ameriken an. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite HRSA.gov



Kenbe kò w Djanm, ou Kapab rete an Sante!





Kisa yon sant sante ye, e kòman mwen ka ale la?

Sè mwen te ale nan sa ki nan vil la. Li pa twò lwen. Menm si ou pa gen mwayen transpò, ou ka toujou ka ale la san pwoblèm...

...dèfwà klinik la konn asire deplasman moun yo, oswa ka gen yon klinik mobil ki ap vini nan zòn ou travay oswa rete a.



Konbyen sa ap koute?

Tou depan...



Kiyès ki ka ale?

Nenpòt moun ka ale nan yon sant sante

Majorite sant sante gen moun ki pale plizyè lang oswa yo gen aksè ak sèvis entèprèt ki pale plizyè lang

2



...sant sante a ap travay avèk ou pou wè kijan ou ka peye pou vizit ou a. Pasyan yo ap toujou resevwa sèvis, menm si yo pa gen kapasite pou yo peye. Yo p ap voye yo ale menm si yo pa gen asirans sante.

3